Kushanya kwaVachenjeri

"Aripiko uyo achangoberekwa anova mambo wavaJudha?" Mateo 2:2

Kushanya kwaVachenjeri

Mateo 2:1-12

Mushure mokuberekwa kwaJesu muBheterehema reJudhea munguva yaMambo Herodhi, vachenjeri vaibva kumabvazuva vakasvika muJerusarema, uye vakabvunza vakati, „Aripiko uyo achangoberekwa anova mambo wavaJudha? Takaona nyeredzi yake kumabvazuva, uye tauya kuzomunamata." Mambo Herodhi akati achinzwa izvi, akatambudzika kwazvo pamwe chete neJerusarema rose. Kuzoti akakokera pamwe chete vaprista navadzidzisi vomutemo, akavabvunza kwaizoberekerwa Kristu. Vakapindura vachiti, „MuBheterehema reJudhea nokuti izvi ndizvo zvakanyorwa nomuprofita achiti:

„Asi iwe Bheterehema, munyika yeJudhea hausi muduku pamadzimambo ose aJudha, nokuti mauri muchabuda mutongi uyo achava mufudzi wavanhu vangu vaIsraeri."

Ipapo Herodhi akadana Vachenjeri pakavanda akavabvunzisisa nguva chaiyo yainge yaonekwa nyeredzi. Akavatuma kuBheterehema akati, „Endai mundotsvakisisa mwana uyu. Kana muchinge mamuwana, mugondiziviswo kuitira kuti neniwo ndigoenda kundomunamata."

Mushure mokunge vanzwa zvainge zvataurwa naMambo, vakapfuurira mberi norwendo rwavo, uye nyeredzi yavakanga vaona kumabvazuva yakavatungamirira kusvikira yandomira panzvimbo paiva nomwana. Pavakaona nyeredzi, vakafara kwazvo. Vakati vasvika pamba apa, vakaona mwana namai vake Maria, uye vakakotamira pasi vakamunamata. Vakasunungura pfuma yavo vakapa zvipo zvegoridhe, nezvinonhuwira nemura. Uye vakati vayambirwa mukurota kuti vasadzokere nokuna Herodhi, vakadzokera kwavo neimwe nzira.

40-09 The Wise Men Worship Jesus

www.GodsPeopleCare.org
Bible Verses are
Shona: Ndima dzomuBhaibheri muchishona chakare

“Aripiko uyo achangoberekwa anova mambo wavaJudha?” Mateo 2:2